

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA KAPING XXIV - GKJ AMBARRUKMA

15 Oktober 2023

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis ijem, Stola : Logo Prau+Pelangi+Peksi Dara)

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet satunggal lilin pethak ibadah.

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. **Liturgos** :

“Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus Kristus,

Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Gangsal Welas Oktober Kalih Ewu Tiga Likur (15 Oktober 2023)**. Mugi Bapak, Ibu lan Sadherek sadaya tansah binerkahan lan kebak ing kabingahan tuwin karaharjan. Pangibadah wekdal punika ugi dipun giyaraken lumantar *live streaming* Youtube GKJ Ambarrukma, pramila kula ugi ngaturaken sugeng nyuraosi lan midhangetaken.

Sadèrèngipun kalajengaken, Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk saged ngaturaken unjuk salam kagem warganing pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng saha wingking panjenengan.

Nyuwun kawigatosan sawetawis, wontenipun pawartos Minggu punika, ingkang badhe kula aturaken saperangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan kinasih, pisungsung saged kaaturaken ing kanthong ing satengahing pangibadah. Wondene pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing salah satunggaling kanthong utawi ing kothak saderengipun pangibadah kawiwitan ingkang sampun dipun cawisaken wonten ngajeng dalem pamujan.

Bapak, Ibu, lan Sadherek ing tetunggilanipun Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Tentrem Rahayu Kang Ngungkuli Saliring Budi**” ingkang badhé kaladosaken dening Bapa Pandhita Emeritus Bambang Subagyo.

Sumangga kita purwakani pangibadah menika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Selangkung, Pada Setunggal lan Kalih (KPK 25 : 1, 2)**, “**Ngabekti Mring Gusti**” *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- | | |
|---|--|
| <p>(1) Swawi pra suci nyawiji tunggal Ati
sami ngabekti memuji mring Gusti
Ajrih sumelang sedhih lan kasangsan
ginantos kabegjan sihing Pangeran.</p> | <p>(2) Ngidung tan kendhat sru nggunggung Kang Murbengrat,
ngetung mukjijad lan sagung sih rahmat,
lubering berkah sing swargi tansah tumrah,
nyantosakken manah nyirnakken semplah.</p> |
|---|--|

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan: *(Pasamuwan Jumeneing)*

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu menika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /
A min, A min, A min.**

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. Lektor : Sabda Introitus : Yesaya 48 : 17-19

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan para Sadherek kagunganipun Gusti Yesus. Gusti Allah kita ingkang paring piwucal menapa ingkang maedahi ugi nuntun kita ing margi ingkang kedah kita ambah. Lan Tentrem rahayu kados dene lepen ingkang mboten nate kasatan luber kadosdene ombyaking ombak ing seganten lan kita sami mboten badhe kasirnakken ing ngarsanipun Gusti.

Sesarengan kita saos puji kagem misuwuraken asmanipun Gusti kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Seket Sekawan, Pada Setunggal lan Kalih (KPK 154 : 1-2), “Allah Pangayomanmu”**

- (1) Allah yeku Pangen satuhu kang ngreksa tansah uripmu
Pracayaa sarta mituhu wah bekti kang trusing kalbu
yen bebaya nempuh sira ywa semplah alit ing driya.
- (2) Gusti nganthi mring sira tansah tan kendhat ngluberken berkah
yen sira rinoban bebaya wah mikul salib sangsara
pitulungnya datan kendhat mula ngayoma dikebat.

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Efesus 6 : 1-5; 9

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan ingkang satuhu dipun tresnani Gusti. Gusti Allah paring pangènget atur panelangsa saha mratobat awit sakathahing dosa-dosa kita. Gusti Allah kita Pangèn ingkang satuhu ngrimat gesang kita. Pramila sumangga sesarengan cecawis ing manah kita, sowan marek ing Ngarsanipun Gusti, unjuk atur awit dosa-dosa kita menika lumantar pandonga pamratobat. Kita badhe murwakani kanthi repèning kidung panelangsa saking **Kidung Pasamuwan Kristen Kawan Dasa Gangsal, Pada Setunggal lan Kalih (KPK 45 : 1, 2), “Gusti Anganti Sira”**

- (1) Gusti angantya sira wong dosa, arum ing wacana umareka,
nyuwuna luwar lan linipura, mareka, saosna ati nira.

Refr:

lah mareka Gusti angantya ywa kapara adoh, umareka
Gusti anganti anti sira, ywa nyenyuwe, mareka mring Gusti.

- (2) He wong dosa dhasar dalanira jembar bungah yen dilakonana
nging sira tan nduga kang rekasa yeku kang anjog mring nagri baka.....Refr:

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadhèrèk kinasih, umatipun Gusti Yésus Kristus, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Gusti Allah ing Sang Kristus ingang kawula sembah. Kawula umat kagungan Paduka sowan kanthi manah ingkang nelangsa awit sedaya dosa lan kalepatan kawula ing ngarsa Paduka. Paduka Gusti ingkang angantya kawula tiyang dosa menika. Mugi Paduka karsa paring piwelas dumateng kawula. Gusti, kawula nyuwun luwar lan linipura saking sedaya jembering dosa kawula. Manah kawula Paduka paringi pepadhang supados kawula saget nglajengaken gesang menika kanthi sih piwelas lan pepadhang saking Paduka. Atur pandonga pamratobat saha panelangsa dosa punika, kawula suwun linambaran sih katresnan saha pangurbananipun Gusti Yesus Kristus Juruwilujeng kawula ingkang sejatos. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Yokanan 14 : 27

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Kolose 3 : 12-17

10. Liturgos : “Pasamuwan ingkang tansah binerkahan ing Gusti. Gusti sampun paring tentrem rahayu matemah kita mboten sumelang lan giris. Pramila kita sami sesarengan nggayuh menapa ingkang ndadosaken pirukun sarta bangun-binangun.

Kita puji asmanipun Gusti kanthi kekendelan saha suka-bingah kanthi pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Wolung Dasa Kalih, Pada Setunggal lan Tiga**

(KPK 82 : 1, 3), “Tekading Manah Kawula”..... *Pasamuwan kula aturi jumeneng*

- | | |
|--|--|
| (1) Tekading manah kawula
tansah ndherek mring Gusti
yeku Panutan sanyata
nggih Panebus sejati | <u>Refr:</u>
margining salib ingambah
mbangun turut mring Allah
mbabarken tresna sejati
mrih jagad tentrem basuki. |
| (3) Nulad Sang Pamarta Gusti sagah ngurbanken dhiri
tan remen ing kekerasan nging lubering katresnan <u>Refr:</u> | |

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

(Sesarengan memuji asmanipun Gusti kanthi pepujen Tema Wulan Brayat).

Pasamuwan ingkang nunggil ing Gusti, kangge mahargya Wulan Brayat tahun menika, ing saben wekdal pangibadah kita badhe atur pepujen sesarengan kanthi irah-irahan: “Tuwuh ing Salebeting Padatan Utami”. Pepujen menika kaanggit sesarengan dening Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan saha Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti, mirunggan kagem mangayubagya Wulan Brayat.

- | | |
|--|--|
| (1) Siapakah kami, 'hingga 'Kau berkenan
selalu hadir dalam hidup kami?
Begitu besar berkatMu ya Tuhan
'Kau anug'rahan tiada berhenti | <u>Refr.:</u>
Kami keluarga yang mau dituntun
oleh Firman Tuhan setiap waktu,
agar keluarga kami bertumbuh dalam Tuhan. |
| (2) Dikala duka, 'Kau b'ri kekuatan.
Kami pun ingin 'tuk teguhkan diri.
Dikala suka yang kami dapatkan.
Kami pun ingin s'lalu rendah hati..... <u>Refr.:.....</u> | |

b) Pandhita : maosaken **Filipi 4 : 1-9**

c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |

Hale- luya Hale-luya Hale - lu - ya

d) **Irah-irahan: “Tentrem Rahayu Kang Ngungkuli Saliring Budi”**

e) **Ancas : Pasamuwan ing saben brayat supados mboten sumelang awit tentrem rahayu ingkang ngungkuli saliring budi tansah nganthi.**

12. Pisungsiw pepujen saking Brayat: “Nggandhol Gusti - Sakjegé Aku Ndhèrèk Gusti”

13. Pisungsung Caos Sokur

Imam : “Pasamuwan ing saben brayat sumangga supados mboten sumelang awit tentrem rahayu ingkang ngungkuli saliring budi tansah nganthi.

Lan sesarengan kita nyamektakaken dhawuhipun Gusti kanthi ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken. Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak utawi salah satunggaling kantong, déné pisungsung mirunggan kagem *panyengkuyung Pahargyan Natal Bersama 2023* saged dipun lebetaken wonten kothak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal menika kapethik saking serat **Kolose Bab Tiga ayat Gangsal Welas (Kolose 3 : 15)** ingkang mekaten suraosipun: “**Muga tentrem-rahayune Gusti Kristus ngerèh ana ing sajroning atimu, marga iya kaya mangkono iku anggonmu padha katimbangan dadi badan siji. Sarta saosa sokur.**”

Pisungsung badhé kita aturaken wonten ngarsanipun Gusti, kairing repèning **Kidung Pasamuwan Kristen Setunggal Atus Wolung Dasa Wolu, Pada Setunggal lan sacekapipun (KPK 188 : 1 –), “Asung Pisungsung”**

- (1) Sumangga sung pisungsung mring Allah Ma agung
krana gunging sih rahmat kang lubèr tan kendhat.
- (2) Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,
dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.
- (3) Bandha, arta, pethingan, kang katur mring Gusti,
bludaging kabingahan 'wit berkah tan sepi.
- (4) Saos pisungsung kathah cacahnya tan tim'bang,
lan gung berkahing Allah 'tan kénging winilang.

14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

15. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

16. Pandhita : Paladosan Berkah

- 17. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa Pandhita Emeritus Bambang Subagyo lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kagunganipun Gusti, kita badhe mungkasi pangibadah punika, kanthi mboten sumelang awit tentrem rahayu saking Gusti Allah ingkang ngungkuli salering budi tansah nganthi matemah kababar ing gesang bebrayatan kita saben dintenipun.

Kanthi sesarengan purnaning pangibadah menika, kita repenaken **Kidung Pasamuwan Jawi Kawan Atus Seket Sanga, Pada Setunggal lan Kalih (KPJ 459 : 1, 2), “Pinujia Allah Sang Rama”**

- | | |
|---|---|
| <p>(1) Pinujia Allah Sang Rama
wah Sang Putra lan Roh Suci;
purnapa ngabekti aneng greja,
ngrasuk geseang saben ari.</p> | <p><u>Refr:</u>
Payo nindakna kang trusing ati
sabdaning Gusti Sung gesang yekti,
sinartan dening berkah ing Gusti,
sung sih rahmat mring sesami.</p> |
| <p>(2) Pangabekti sestu ngibadah, lamun Gusti kang densembah;
krahajaraning pepadha denudi, jagad ramnya tentrem yekti.....<u>Refr:</u></p> | |

- 18. Liturgos :** “Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur kanthi mboten sumelang awit tentrem rahayu ingkang ngungkuli saliring budi tansah nganthi ing gesang kita saben dintenipun.”